

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Madi, 18 Jen 2024 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan wappran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de (2) kesyon redaksyon-kout. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 3.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon (1) kesyon. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Baze repons ou pou kesyon 1 a sou tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... Gen Okazyon souvan pou nou fè Rankont piblik, yo vin gen anpil lòd ak desans pou dirije yo. Gason aje yo chita nan premye ranje yo, sòlda yo chita nan ranje apre a, epi fi ak timoun yo chita nan dènye ranje yo. Travay medam yo se te pran nòt sou sa ki pase a egzakteman, kenbe l nan tèt yo (paske yo pa konn ekri) epi kominike l bay timoun yo. Gen Anrejistreman Rankont yo, e yo konsève Tradisyon Kondisyon nan Trete 100 ane ki pase yo, ki, lè nou konpare ak sa nou Ekri yo, nou toujou twouve yo egzak. . .

Sous: Benjamin Franklin Papers (Wampum Chronicles) before January 7, 1784

1 Ki deklarasyon konsènan gwoup Ameriken Endijèn sa yo tèks sa a kore?

- (1) Yo gen rezon pran tè yo.
 - (2) Fanm jwe yon gwo wòl nan soyete yo a.
 - (3) Trete yo konsève pa ekri.
 - (4) Misyonè nan koloni yo dwe konprann kwayans yo.
-

Baze repons ou pou kesyon 2 ak 3 sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... Lè nou adopte antant twa-senkyèm nan, lè nou pwolonje tranzaksyon esklav ki sot nan lòt peyi yo e lè nou prevwa yon antant pou esklav ki sove yo, konstitisyon an defann esklavaj. . .

Sous: Alan Taylor, *American Revolutions: A Continental History, 1750–1804*,
W. W. Norton & Company, 2016

2 Poukisa moun ki ekri Konstitisyon Etazini an gen volonte pou yo fè jwenn yon antant pou pwoblèm sa yo?

- (1) pou jwenn sipò pou Rejyon Sid la pou vote l
- (2) pou yo ka fè l pi fasil pou yo apwouye Deklarasyon Dwa yo
- (3) pou mete fen nan esklavaj apre 1808
- (4) pou bay eta nan Nò yo yon avantaj nan Chanm Depite a

3 Ki sa ki te objektif prensipal Konpwomi Twa Senkyèm nan?

- (1) pou sispann empòte esklav byen rapid
 - (2) pou ede yo chwazi yon reprezantan eta nan kongrè a
 - (3) pou pèmèt esklav ki te sove yo retounen
 - (4) pou aboli esklavaj nan tèritwa rejyon lwès yo
-

Baze repos ou pou kesyon 4 ak 5 sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... Mwen te di, sitwayen parèy mwen, revni ki rezève yo pèmèt nou ogmante limit nou, men pwolongasyon sa a ka peye tèt li anvan yo rele nou, e annatandan, li ka rete a yon nivo ki ba pou enterè [pwof] ki anpile yo; nenpòt sa k rive, l ap peye avans nou te fè yo. Mwen konnen achte Louisiana gen kèk moun ki pa t dakò ak sa, paske yo te pè toutbon pou agrantisman tèritwa nou an pa t mete inyon l an danje. Men kiyès ki ka limite nivo prensip federal [republik] la ka fonksyone yon fason efikas? Tank asosyasyon nou pi gwo, se mwens l ap kite pasyon lokal yo gen enpak sou li; e nan nenpòt fason, li pa pi bon bank opoze Mississippi a ta dwe se pwòp frè nou ak timoun nou yo ki kontwole l, olye se etranje nan lòt fanmi? Avèk kiyès n ap gen plis chans pou nou viv byen ak nan relasyon amikal? ...

Sous: President Thomas Jefferson, Second Inaugural Address, March 4, 1805

- | | |
|--|--|
| 4 Ki fraz opinyon Prezidan Thomas Jefferson nan pi byen sipòte jan sa mansyone nan dezyèm deklarasyon nan kad inogirasyon l lan?
(1) Achte Louisiana reprezante anpil avantaj pou Etazini.
(2) Konstitisyon Etazini an entèdi moun achte tè.
(3) Etazini manke lajan pou l achte Tèritwa Louisiana a.
(4) Espanyòl t ap ede Etazini agrandi nan pati lwès. | 5 Ki youn nan enkyetid achte Tèritwa Louisiana a yo mansyone nan pasaj sa a?
(1) Pi Gwo Tribunal la t ap deklare tranzaksyon an pa respekte konstitisyon an.
(2) Fèm yo pa t ap reyisi nan pati lwès Mississippi.
(3) Yon gwo agrandisman konsa t ap difisil pou yo kontwole.
(4) Li t ap enposib pou eseye dekouvrir rejyon an. |
|--|--|

Baze repons ou pou kesyon 6 ak 7 sou moso tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Yon pati nan Dezyèm Diskou nan Kad Inogirasyon
Prezidan Abraham Lincoln la nan dat 4 mas 1865

... San mechanste anvè moun, ak charite pou tout moun, ak fason li kanpe pou sa ki byen, menm jan Bondye ba nou posibilité pou n wè sa k bon, n ap travay pou nou fini travay n ap fè a, panse blesi pèp la, pran swen sa ki sipòte batay la, vèv ak òfelen li yo; — fè tout sa ki ka reyalize epi apresye yon lapè ki jis k ap dire lontan, ant nou menm ak tout nasyon yo.

Sous: President Abraham Lincoln, Second Inaugural Address, March 4, 1865

- | | | | |
|--|----------------------|---|--|
| 6 Pati sa a montre Prezidan Abraham Lincoln te kwè pi bon fason pou geri peyi a apre Gè Sivil la se te pa mwayen | (1) kòlè (3) vanjans | 7 Kisa pati sa montre konsènan règleman Rekonstriksyon Prezidan Lincoln gen pou l mete sou pye a? | (1) Rejyon Sid ki pèdi a t ap rejte l.
(2) Reyinifikasiyon rapid t ap yon objektif li genyen.
(3) Okipasyon militè federal nan Sid la t ap difisil.
(4) Sa t ap garanti viktwa l ankò nan elekson an. |
| (2) konpòtman egois | (4) padon | | |

Baze repons ou pou kesyon 8 ak 9 tèks pwosè a ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Yon rapò sou pwosedi pwosè Susan B. Anthony a pou vot ilegal, . . . Rochester, New York, 1874

Jij Hunt—Santans Tribunal la se pou w peye yon amann san dola ak depans pou demach legal yo.

Madam Anthony—Kit sa fè w plezi onorab, mwen p ap janm peye yon dola nan penalite ki pa jis ou a. Tout sa m posede se yon dèt \$10,000, mwen te fè lè m t ap piblje journal mwen an ki rele, *The Revolution*, sa gen katran, e sèl objektif la se te edike medam yo pou yo fè egzakteman tankou m, pou yo rebele kont sistèm mesye yo kreye, lwa ki enjis, ki pa respekte konstitisyon an, taks, amann, mete fanm nan prizon ak pann yo, pandan yo refize ba yo dwe reprezantasyon nan gouvènman an, e mwen dwe travay ak tout fòs mwen pou m peye chak gress dola nan dèt onèt, men mwen p ap mete yon gress dola nan reklamasyon enjis sa a. E m ap kontinye byen serye e ak pèsistans pou m mande tout fanm yo pou yo rekonèt yon fason konkèrè ansyen fraz revolisyon sa a ki di "Rezistans ak abi pouvwa vle di obeyi Bondye" . . .

Sous: The Elizabeth Cady Stanton and Susan B. Anthony Papers Project, Rutgers.edu

- | | | | |
|--|--|---|---|
| 8 Ki kalite aksyon Susan B. Anthony ap defann nan tèks sa a? | (1) poze kandidati nan elekson
(2) dezobeyisans sivil
(3) kreye sendika travayè
(4) anbago ekonomik | 9 Deklarasyon Anthony an fè pati kanpay l ap mennen pou l ranpòte lavikta | (1) abolisyon esklavaj
(2) taks sou revni ki pwogresif
(3) dwa fanm genyen pou yo vote
(4) règleman pou sekirite konsomatè |
|--|--|---|---|

Baze repons ou pou kesyon 10 ak 11 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Chèf nan Sena a



Sous: Joseph J. Keppler, *Puck*, 1889 (adapte)

10 Dapre desen sa a, nan avantaj kiyès Sena a te ye?

- | | |
|----------------------|--|
| (1) gwo konpayi | (3) sendika travay |
| (2) moun k ap defann | (4) agrikiltè nan sid yo
pwoteksyon
anviwònman |

11 Pwennvi ki dekri nan desen sa a te ogmante sipò publik la pou

- | |
|--|
| (1) eliminasyon gwoup ki la pou vote a |
| (2) eleksyon dirèk senatè |
| (3) kreyasyon Komisyun Komès Ant Eta yo |
| (4) diminye nan kantite manda yon prezidan ka fè |

Baze repons ou pou kesyon 12 ak 13 yo sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Mesaj Lagè pou Kongrè a

. . . Fondman pou entèvansyon sa yo ka rezime fason sa a:

Premyèman. Pou limanite e pou mete fen nan krim, san k ap koule, grangou ak gwo mizè ki gen nan moman an e pati nan konfli a pa ka oswa va vle sispann oswa diminye. Sa pa yon repons pou di tout bagay sa yo ap pase nan yon lòt peyi, se pou yon lòt nasyon, e sa pa gade nou. Se sitou travay nou, piske dwa nou toupre nou.

Dezyèmman. Nou dwe sitwayen Kiba yo pwoteksyon ak dedomajman [sekirite] pou lavi ak byen okenn gouvènman pa ka oswa pa vle ofri, e pou sa, mete fen nan kondisyon ki anpeche yo gen pwoteksyon jiridik.

Twazyèmman. Dwa pou fè entèvansyon an ka jistifye ak move konsekans sou komès ak biznis pèp nou an ak destriksyon gratis [yo deside fè] sou byen yo ak devastasyon zile a. . . .

Pwoblèm nan kounye a se ak Kongrè a. Se yon gwo responsabilite. Mwen fè tout sa m te kapab pou m rezoud sitiyasyon ki pa tolerab nou twouve nou an. Mwen pare pou m reponn ak tout obligasyon Konstitisyon an ak lalwa ban mwen, m ap tann aksyon nou. . . .

Sous: President William McKinley, Message to Congress, April 11, 1898

12 Ki prensip nan konstitisyon an mesaj President William McKinley an dekri?


- (1) kontwòl jidisyè
- (2) pouvwa rezève
- (3) pouvwa pèp la
- (4) separasyon pouvwa

13 Ki règleman etranje Etazini ki te aplike pandan peryòd sa a?

- (1) mèkantilis
- (2) izolasyonis
- (3) enperyalis
- (4) apèzman

Baze repons ou pou kesyon 14 ak 15 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

10,000 Mileyaj Distans sot nan yon Pwent ak nan Yon Lòt



Sous: *Philadelphia Press*, 1899 (adapte)

- 14 Yon istoryen byen itilize desen sa a pou l analize ki sijè?
- (1) achte Alaska
 - (2) règleman Pòt ki Ouvri a
 - (3) Etazini antanke yon pisans mondial
 - (4) Etazini antre nan Premye Gè Mondyal
- 15 Ki repons dirèk ki te bay pou sitiyasyon ki dekri nan desen an?
- (1) Santiman kont enperialis la te ogmante.
 - (2) Agrikiltè yo te mande plis empòtasyon manje.
 - (3) Endistriyèl yo te reklame dwa dwàn sou pwodui Azyatik yo.
 - (4) Konpòtman pou pwoteje enterè pitit peyi a te diminye.
-

Baze repons ou pou kesyon 16 ak 17 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

YON VYE TRAVAY, MEN FÒK LI FÈT.



Sous: *Utica Saturday Globe*, 1906 (adapte)

16 Ki liv ki pale sou pwoblèm ki nan desen sa a?

- (1) Fason Lòt Mwatye a viv
(*How the Other Half Lives*)
- (2) Chatwouj la (*The Octopus*)
- (3) Jeng lan (*The Jungle*)
- (4) Lawont Vil yo (*The Shame of the Cities*)

17 Ki desizyon federal yo te pran pou reponn ak kondisyon ki sanble ak sa ki dekri nan desen sa a?

- (1) vote Lwa sou Komès Ant Eta yo
- (2) vote Lwa sou Manje ak Medikaman ki pa gen eleman toksik
- (3) mete plis règleman nan bank yo
- (4) ogmante efò nan domèn konsèvasyon

Baze repos ou pou kesyon 18 ak 19 yo sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

... Monn nan dwe an sekirite pou demokrasi. Lapè l la dwe gen fondman ki baze sou fondasyon libète politik. Nou p ap sèvi pou enterè nou. Nou p ap chèche okenn kontwòl, okenn dominasyon. Nou p ap chèche okenn dedomajman [ranbousman] pou nou, pa gen okenn kompansasyon pou sakrifis n ap fè yon fason lib. Nou se sèlman youn nan defansè dwa limanite. Nou dwe satisfè lè dwa sa yo vin garanti menm jan ak lafwa e libète nasyon yo ka fè yo. . . .

Sous: President Woodrow Wilson's War Message to Congress, April 2, 1917

- | | |
|---|--|
| 18 Ki esplikasyon Prezidan Woodrow Wilson bay pou yon deklarasyon lagè? | 19 Kisa Prezidan Wilson te pwopoze pou sipòte opinyon ki nan mesaj sa a? |
| (1) achte koloni etranje
(2) peye pou byen ki pèdi nan lanmè
(3) ogmantasyon imigrasyon ki soti Ewòp
(4) gouvènman endepandan pou tout nasyon yo | (1) etablisman Sistèm Rezèv Federal la
(2) kreyasyon Sosyete Nasyon yo
(3) aplikasyon yon tarif pou pwoteje ki pi wo
(4) diminye èd yo bay Ewòp |
-

Baze repos ou pou kesyon 20 ak 21 sou foto ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Plizyè Dife Siveyans K ap Boule Devan Mezon Blanch, janvye 1919



Sous: Library of Congress (adapte)

- 20 Ki seksyon nan Deklarasyon Dwa yo ki pwoteje aksyon ki dekri nan foto sa a?

- (1) "dwa pou moun kenbe ak pote zam, pa pase anba pye"
- (2) "yo p ap voye okenn manda, men pou rezon ki posib"
- (3) "pa gen okenn moun k ap ekspose ak menm akizasyon an de fwa"
- (4) "dwa pou moun rasanble nan lapè"

- 21 Kisa ki te prensipal objektif manifestasyon ki nan foto sa a?

- (1) pou yo montre yo pa dakò ak patisipasyon Ameriken nan Premye Gè Mondyal la
- (2) pou ankouraje yo siyen Trete Vèsay la
- (3) pou jwenn sipò pou yon amannman nasyonal pou dwa fanm genyen pou yo vote
- (4) pou opoze lwa sou imigrasyon ki gen restriksyon an

Baze repons ou pou kesyon 22 a sou tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Li enposib pou nou di si entèdiksyon se yon bon oswa yon move bagay. Sa pa t janm aplike nan peyi sa a.

Ka pa gen menm kantite alkòl moun konsome anvan entèdiksyon an, men gen menm kantite alkòl la. . . .

Sous: New York City Mayor Fiorello H. LaGuardia,
Statement to Congress on the subject of Prohibition, 1926

- 22 Kisa ki te prensipal rezon pou pwoblèm Majistra Vil Nouyòk Fiorello LaGuardia a te dekri a?
- (1) Taks sou revni yo te ogmante akoz Entèdiksyon.
 - (2) Anpil Ameriken refize aksepte konsome alkòl pa bon.
 - (3) Ameriken yo dekovri alkòl ki sot nan lòt peyi yo te pi bon kalite paske alkòl ki fèt nan peyi a.
 - (4) Moun ki fè kontrabann yo te ogmante pri yo lè yo mete limit sou kantite alkòl yo ofri.
-

Baze repons ou pou kesyon 23 ak 24 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.


. . . Pi gwo travay prensipal nou se pou n fè moun yo travay. Se pa yon pwoblèm nou pa ka rezoud si nou atake l ak sajès ak kouraj. Sa ka reyisi fèt grasa rekritman dirèk gouvènman an fè li menm, lè nou trete responsabilite sa a tankou nou t ap trete ijans yon gè, men an menm tan, grasa travay sa a, pandan n ap reyalize pwojè ki endispansab pou ankouraje ak òganize itilizasyon resous natirèl nou yo yon lòt fason. . . .

Finalman, nan pwogrè n ap fè pou travay reprann nan, nou bezwen de garanti pou nou anpeche ansyen move lòd yo retounen: dwe gen yon sipèvizon solid tout bank, tout kredi ak tout envestisman, pou pawòl san fondman konsènan lajan lòt moun ka sispann; e nou dwe prevwa yon lajan ki awopriye e ki sen. . . .

Sous: President Franklin D. Roosevelt, First Inaugural Address, March 4, 1933

- 23 Ki pwogram New Deal ki te reponn ak "pi gwo travay prensipal" Prezidan Franklin D. Roosevelt t ap pale de li nan pasaj sa a?
- (1) Administrasyon Avansman Travay yo
 - (2) Lwa sou Soulajman ann Ijans nan Keson Bank
 - (3) Komisyon Valè Mobilye ak Echanj
 - (4) Lwa Sekirite Sosyal
- 24 Kisa ki te youn nan rezon ijans ekonomik nasyonal la ki mansyone nan pasaj sa a?
- (1) lajan pwogram byennèt sosyal yo koute
 - (2) aplikasyon lwa pou ankouraje konpetisyon ak anpil taks
 - (3) achte sou limit ak itilizasyon kredi ki egzajere
 - (4) ratman nan izin Ameriken k ap fabrike byen konsomasyon
-

Baze repons ou pou kesyon 25 a sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.




Sous: Maggie Zhang

25 Ki pi bon konklizyon nou ka fè dapre desen sa a?

- (1) Etazini pa t vle voye sòlda nan Sid Azi.
 - (2) Yon Vytnam ki ini te nesesè pou konsève alyans etranje yo.
 - (3) Etazini te chanje règleman etranje l la pou l sot nan izolasyonis pou l vin enperyalis.
 - (4) Patisipasyon nan Sid Vytnam te nesesè pou evite kominis ogmante.
-

Baze repons ou pou kesyon 26 ak 27 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Stuart Carlson, 2012

26 Ki pi bon konklizon w ka fè dapre desen sa a?

- (1) Moun k ap vote nan kèk eta ka deside eleksyon prezidansyèl yo.
- (2) Limit ant eta yo dwe retrase.
- (3) Kandida prezidansyèl yo sot nan kèk eta sèlman.
- (4) Pati politik prezidan an konsève pouvwa politik nan Kongrè a.

27 Ki chanjman ki pwopoze pou rezoud pwoblèm ki dekri nan desen an?

- (1) chanje fason lejislati eta yo distribiye
- (2) vòt popilè dirèk pou prezidan an
- (3) pèmèt Kongrè a chwazi prezidan an
- (4) mete restriksyon nan dwa imigran gen pou yo vote

Baze repos ou pou kesyon 28 la sou tèks ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Youn nan pi gwo tandans pamí popilasyon an nan 20yèm syèk la se te deplasman popilasyon an pou y ale nan lwès ak sid. . . . An 1900, majorite (62 pouzan) popilasyon an te viv swa nan Nòdès oswa Santral Wès. Pati sa a met ansanm te diminye chak peryòd dizan pandan syèk la. An 1980, majorite (52 pouzan) popilasyon an te abite swa nan Sid oswa Wès. Tandans sa te kontinye jis nan fen syèk la, ak popilasyon rejyonal la ki gen Sid ak Wès ki reprezante 58 pouzan popilasyon total Etazini an an 2000. . . .

Sous: Demographic Trends in the 20th Century, U.S. Census Bureau, November 2002

28 Ki rezulta politik dirèk chanjman nan popilasyon an te genyen ki dekri nan pasaj la?

- (1) Eta nan rejyon sid yo genyen plis vòt nan eleksyon prezidansyèl la.
 - (2) Eta nan Santral Wès yo pèdi reprezentasyon nan Sena a.
 - (3) Eta Nòdès yo genyen reprezentasyon nan Palman an.
 - (4) Sipò jeneraliblik la bay gwoup moun ki la pou vote a te ogmante.
-

Repons pou Kesyon Redaksyon-Kout yo (29 ak 30) ak ksyon Redaksyon sou Konesans Sivik (37) dwe ekri nan ti liv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON-KOUT YO (KRK)

Kesyon Redaksyon-Kout sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon Redaksyon-Kout gen de (2) dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou ksyon sa yo menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Nan devlope respons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik empòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Idantifye vle di “bay yon non ak oswa nome.”

Eksplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Kalite Relasyon yo:

Kòz refere ak “yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.”

Efè refere ak “sa ki pase kòm yon konsekans (rezulta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.”

Resanblans di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm nan ak yon lòt bagay.”

Diferans di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.”

Pwen Detèminan se “yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik, ki mennen chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejjonal, nasyonal, oswa jeneral.”

Enstriksyon KRK Seri 1 (Kesyon 29): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

... Nou considere erè a gen rapò ak deklarasyon moun ki depoze plent lan [Homer Plessy] rete nan ipotèz ki fè konnen separasyon fòse de ras bay ras ki gen koulè yon siy enferyorite. Si se sa, se pa akoz okenn bagay ki mansyone nan lwa a, men se sèlman paske ras koulè a chwazi entèprete l fason sa a. . . . Deklarasyon sa a vle di tou lwa a ka elimine prejije sosyal, e yo pa ka garanti Nwa yo [Afriken Ameriken] egalite dwa sof ak yon melanj fòse de ras yo. Nou pa ka aksepte pwopozisyon sa a. Si de ras dwe rankontre nan kad egalite sosyal, se dwe rezulta resanblans natirèl [relasyon], yon apresyasyon egal merit yo chak ak yon konsantman volontè moun yo. . .

Lwa yo pa gen kapasite pou elimine kòpòtman rasyal ki nan nou oswa elimine distenksyon ki baze sou diferans fizik, ak si yo eseye fè sa, sa ap lakòz sitiyasyon ki gen nan moman an vin pi mal toujou. Si dwa sivil ak politik toulède ras yo egal, youn pa ka pi ba passe yon lòt nan domèn sivil oswa politik. Si yon ras enferyè ak yon lòt nan domèn sosyal, Konstitisyon Etazini an pa ka mete yo nan menm kategori.

Sous: Justice Henry Billings Brown, Majority Opinion in *Plessy v. Ferguson*, 1896

Dokiman 2

. . . Pou separe yo de lòt moun ki gen memm laj ak kalifikasyon sèlman akoz de ras yo, sa kreye yon santiman enferyorite nan stati yo nan kominate a ki ka gen enpak sou kè ak panse yo yon fason ki gen posibilité pou l pa janm chanje. Efè separasyon sa a sou opòtinite nan domèn edikasyon yo te parèt aklè nan desizyon yo te pran nan dosye Kansas la lè yon tribinal te santi l oblige pwononse kont moun nwa ki pote plent yo [Afriken Ameriken]:

"Segregasyon blan ak timoun po fonse nan lekòl yo gen yon move konsekans sou timoun po fonse yo. Enpak la pi gwo lè sanksyon an legal; piske règleman pou separe ras yo anjeneral yo wè sa kòm yon fason ki demonstre enferyorite gwoup moun Nwa yo. Lè yon timoun santi l enferyè, sa gen enpak sou motivasyon l pou l aprann. Segregasyon ak sanksyon legal, kòm rezulta, gen yon tandans pou retade [mete restriksyon] nan devlopman nan domèn edikasyon ak mantal timoun Nwa yo epi anpeche yo jwenn kèk avantaj yo t ap resevwa nan yon sistèm ki entegre tout kalite ras." . . .

Sous: Chief Justice Earl Warren, Majority Opinion in *Brown v. Board of Education*, 1954

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantife epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou pa oblige enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Se nou k deside kite paj sa a vid.

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri konteks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 2** epi eksplike kòman *odyans, oswa bi, oswa patipri*, oswa *pwen de vi* afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Konteks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Analize vle di “egzaminen yon dokiman epi detèmine eleman ak relasyon li yo.”

Eksplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Fyabilite detèmine pa presizyon ak itilite enfòmasyon yo jwenn nan yon sous pou yon objektif espesifik.

Enstriksyon KRK Seri 2 (Kesyon 30): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

... Sa ka rive, malgre tout efò nou fè, Kominis yo ka fè gè a al pi lwen. Men sa t ap mal—mal anpil—pou nou pran desizyon pou nou fè gè a al pi lwen.

Danje yo anpil. Pa fè erè nan sa. W ap jwenn plizyè milyon sòlda Chinwa ki kanpe dèyè sitwayen Kore Disid ak Chinwa yo. E Chinwa yo gen cha, avyon, soumaren, sòlda ak dirijan Inyon Syovyetik yo ki kanpe dèyè yo.

Objektif nou se pou n evite konfli a gaye. . . .

Mwen reflechi anpil pandan lontan sou kesyon pou rive ak gè a ann Azi. Mwen pale sou sa a plizyè fwa ak konseye militè peyi sa a. Mwen kwè ak tout kè m wout n ap suiv la se pi bon wout la.

Mwen kwè nou dwe eseye limite gè a Kore pou rezon ki enpòtan sa yo: pou nou asire nou lavi sòlda nou yo ki gen enpòtans yo pa gaspiye, pou nou konsantre sou sekirite peyi nou an ak monn lib la pa an danje pou granmesi, e pou nou evite yon twazyèm gè mondal.

Yon seri evènman montre aklè Jeneral [Douglas] MacArthur pa t dakò ak règleman sa a. Donk mwen te panse li esansyèl pou nou lage Jeneral MacArthur pou ka pa gen okenn dout oswa konfizyon sou vrè objektif ak rezon ki fè nou met règleman nou an. . . .

Sous: President Harry Truman, Radio Report to the American People on Korea and on U.S. Policy in the Far East, April 11, 1951

Dokiman 2

... Men kou gè a rive sou nou, pa gen okenn lòt opsyon ki pa aplike chak mwayen disponib pou mete fen ladan l.

Prensipal objetif gè a se viktwa, se pa yon sitiayson kote pa gen desizyon ki ka pran. Pa gen anyen ki ka ranplase viktwa nan lagè.

Gen moun pou rezon diferan ki t ap apeze Lachin Wouj. Yo pa reflechi ak lesyon klè istwa aprann yo, paske istwa a pa sispann aprann nou apezman se kreye l kreye yon nouvo gè pou san koule. Li pa janm mansyone ki kote fen sa a t ap jistifye mwayen sa yo, kote apezman mennen nan yon fo lapè. Menm jan ak chantaj yo, li poze fondman pou nouvo revandikasyon e detanzantan, jiskaske, nan ka chantaj la, vyolans la vin sèl lòt opsyon ki genyen.

"Poukisa," sòlda yo mande m, "pou yo bay avantaj militè yo pou yon ènmi sou teren an?" Mwen pa t ka reponn. . . .

Sous: General Douglas MacArthur, Farewell Speech to Congress, April 19, 1951

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analyse **Dokiman 2** epi eksplike kòman *odyans, oswa bi, oswa patipri, oswa pwend vi* afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfomasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzamp ki enpòtan

Ou pa oblige enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Pati III**REDAKSYON KONESANS SIVIK (Kesyon 31–37)**

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik: Libète Sivil Pandan Dezyèm Gè Mondyal—Anprizònman Ameriken Japonè

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwoup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay silsè nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik se *restriksyon nan libète sivil Ameriken Japonè pandan Dezyèm Gè Mondyal* la

Sa pou fè: Li ak analize dokiman yo ki nan Pati A. Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou reponn kesyon ki swiv yo chak dokiman nan Pati A. Repons ou yo pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w

- Dekri sikostans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repsons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”**
- (b) **eksplike vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”**
- (c) **diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

Redaksyon Sou Konesans Sivik

Pati A

Kesyon ak Repons Kout (31–36)

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Gang ki pisan e ki gen mwayen met ansanm pou fè lagè kont tout limanite. Dezòmè defi yo a vize Etazini. Japonè yo trayi lapè ki te gen antre nou depi lontan an. Anpil sòlda ak maren Ameriken te tonbe anba men ènmi an. Bato Ameriken te koule, avyon Ameriken te kraze . . .

Nou nan gè sa a kounye a. Nou fon ladan l. Chak gason selibatè, fi, ak timoun se yon patnè nan pi gwo aktivite nan istwa Ameriken. Nou dwe pataje ansanm bon nouvèl ak move nouvèl, batay nou pèdi ak viktwa yo—richès lagè a k ap chanje.

Jiskounye a, tout nouvèl yo se move nouvèl. Nou sibi yon gwo echèk nan Awayi. Fòs nou gen nan Filipin yo, sa ki gen ladan l moun brav nan Commonwealth sa a, ap resevwa pinisyon, men y ap defann tèt yo ak tout fòs. Rapò Guam ak Wake ak Midway yo toujou gen konfizyon, men nou dwe prepare nou pou anons y ap pran twa gad ki ann avan yo.


...

Chak sitwayen, kèlkeswa domèn li nan lavi a, pataje menm responsabilite a. Lavi sòlda ak maren nou yo – tout avni peyi sa a – depann de fason nou chak ranpli responsabilite nou anvè peyi nou.

Sous: President Franklin D. Roosevelt, Fireside Chat, December 9, 1941

- 31 Dapre Prezidan Franklin D. Roosevelt, ki **yon** difikilte Etazini te rankontre nan mwa desanm 1941? [1]

Score



Sous: National Archives, adapted by Newsweek, 1991

Dokiman 2b

Magazen sa a te twouve l nan Oakland, Kalifòni. Pwopriyetè a te yon elèv ki gen orijin Japonè ki gradye nan Inivèsite Kalifòni. Nan dat 8 desanm, jou atak Pearl Harbor la, li met yon pankat ki di "MWEN SE YON AMERIKEN" devan magazén an. Lè yo te fin mande pou moun kite zòn nan, magaze an te fèmen e annapre yo te vin vann li malgre deklarasyon fidelite pwopriyetè a.



Sous: Dorothea Lange, War Relocation Authority, Courtesy of the National Archives

- 32 Kisa dokiman sa yo demonstre konsènan fason yo te trete Ameriken Japonè yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

Score

Dokiman 3a

Fred Korematsu, yon sitwayen Ameriken, te gen paran Japonè e l te fèt nan Oakland, Kalifòni. Li te etidye pandan yon ti tan nan Los Angeles City College e apre l te vin yon soudè. Li te eseye antre nan lame, men yo pa t aksepte l pou rezon medikal.

Korematsu te refize deplase, e nan dat 30 me polisyen nan zòn nan te arete l. Menmsi kèk prizonye li te konnen te konseye l pou l pa konteste kesyon chanje zòn nan, li te deside antre nan yon batay legal. Li te bay rezon an.

Kan Asanble yo se te pou: Ènmi Etranje ak Sitwayen Danjere; Kan sa yo te uon anprizònman sou gad ame ki te resevwa lòd pou yo tire pou yo touye. Anvan y al nan prizon, moun sa yo te gen posibilité gen yon pwosè san patipri pou yo ka defann fidelite yo nan yon tribunal yon fason demokratik, men yo te mete yo nan prizon san yon pwosè san patipri! Yo te kenbe anpil Alman ak Italyen ki pa onèt, men se pat yo tout yo te fèmen sou gad ame tankou Japonè yo—èske sa a se yon pwoblèm rasyal? Si se pa sa, Sitwayen Fidèl yo vle yon jijman san patipri pou yo pwouve fidelite yo! Epi gen anpil etranje fidèl ki ka pwouve fidelite yo anvè Etazini, e yo dwe ba yo jijman ak tretman san patipri! Sa Fred Korematsu t ap defann nan ka ede.

Sous: Stephen Breyer, *Making Our Democracy Work, A Judge's View*, Alfred A. Knopf, New York, 2010 (adapte)

Dokiman 3b



Sous: Franklin D. Roosevelt Presidential Library

Eleanor Roosevelt te vizite Kan Anprizònman Gila River la nan dat 23 avril 1943. Li te di pawòl ki annapre yo nan dat 26 avril nan *Los Angeles Times*:

... Nou pa gen okenn ras ki fè yon sèl nan peyi sa a, men nou gen yon ide nou tout nou fidèl avèl: nou pa ka pwogrese si nou meprize nenpòt gwoup moun pami nou akoz ras oswa reliyjon. Chak sitwayen nan peyi sa a gen dwa ak libète debaz nou yo, ak jistis e pou yo jwi menm posibilité. Nou gen dwa pou nou mennen lavi nou jan nou piti, men se sèlman si nou bay lòt moun libète nou vle pou tèt nou an n ap ka fè sa.

Sous: Introduction from Greg Robinson, Université du Québec à Montréal; Speech from: *Confinement and Ethnicity: An Overview of World War II Japanese American Relocation Sites*, by J. Burton, et al.

- 33 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** rezon pou opozisyon kont anprizònman Ameriken Japonè yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la? [1]

Score

Dokiman 4

Istwa ki koke moun sou sa ki rive Ameriken Japonè yo ak Blan ki te mete yo nan prizon an se pa yon seri evènman ki rive pa aza, men sa bay yon ide ki tris sou "fason Ameriken fonksyone." Istwa retounen omwen nan tretman yo bay Ameriken Endijèn yo, nan pèsekisyon Anglè fidèl yo apre Revolisyon Ameriken an, nan esklavaj Afriken yo nan Nouvo Monn nan, nan tretman Alman Ameriken yo pandan Premye Gè Mondyal la, kantite jwif ak "Moun peyi Ilann pa t Aplike", nan eksè òganizasyon ofisyèl tankou Komite aktivite ki pa Ameriken Chanm Reprezantan yo. Epi, omwen dapre mwen, sanble toujou gen posibilité pou menm pèsekisyon sa yo fêt ankò si laperèz ak kòlè depase sa Abraham Lincoln rele "pi bon anj nan nati nou an." . . .

Epi, yon bò se paske dwa sivil moun nwa ak mouvman manifestasyon Gè Kont Vyvetnam nan ane 1960 ak 1970 yo, jèn Ameriken Japonè te kòmanse kesyone paran ak gran paran yo konsènan sa k te pase yo nan ane 1940 yo. Yon ti tan apre, te kòmanse gen liv ak memwa Ameriken Japonè ki te nan kan yo ki soti, anpil nan yo se te zèv literè pwofon, anpil te pibliye an prive, anpil pa t janm pibliye, e , yon gwo kantite ladan yo se te liv pou timoun ak jèn moun majè. Òganizasyon Ameriken Japonè te motive grasa jesyon nouvo jenerasyon yo te poze yo; te gen pwojè istwa oral ki te kreye, lèt yo te vin piblik, yo te vin ouvri ti mize, e militan yo te goumen pou yo mande eskiz yon fason ofisyèl, reparasyon finansye [konpansasyon], epi chwazi kèk kote ki te fè kan, tankou Manzanar, kòm moniman istorik. Yo te kòmanse jwenn oswa deklase dokiman sou aksyon gouvènman te poze pou fè moun yo kite zòn yo. Yon ti tan apre te gen bwochi ak tèks legal moun te ekri ki te konsantre sou si sa k te pase pandan gè a te gen rapò ak konstitisyon an (oswa li pa t gen rapò ak konstitisyon an).

Sous: Richard Reeves, *The Shocking Story of Japanese American Internment in World War II*, Holt and Company, New York, 2015

34 Dapre Richard Reeves, ki **yon** efò Ameriken Japonè yo te fè pou atire atansyon piblik la sou istwa anprizònman yo? [1]

Score

Dokiman 5a

Kongrè a te kreye Komisyon Chanjman Pozisyon ak Anprizònman Sivil yo pandan Gè a nan ane 1980 pou analize detay ak sitiyasyon ki gen rapò ak dekrè 9066 Prezidan Franklin D. Roosevelt la, ki te soti nan dat 19 fevriye 1942. Deklarasyon sa a nan rapò Komisyon an.

... Nesesite pou lame a pa t yon rezon pou deklarasyon [piblikasyon] Dekrè 9066, e desizyon ki vin apre sa a—anprizònman, mete fen nan anprizònman ak fen nan mete moun apa—se pa t fondman analiz pou kondisyon militè yo. Sa ki te fondman jeneral pou desizyon sa yo se te prejije rasyal, panik lagè a te lakòz ak echèk kontwòl politik la. Inyorans jeneral Ameriken Japonè yo te fè yo kreye yon règleman rapid e yo te aplike l nan yon anviwònman laperèz ak kòlè kont peyi Japon. Te gen yon gwo enjistis yo te fè sitwayen Ameriken yo ak rezidan etranje ki gen oriin Japonè yo ki yo menm, san analiz endividyle osa okenn prèv klè [yo ka pwouve] kont yo, Etazini te mete yo apa, e te retire yo ak mete yo nan prizon pandan Dezyèm Gè Mondyal la.

Sous: *Personal Justice Denied: Report of the Commission on Wartime Relocation and Internment of Civilians, 1982*

Dokiman 5b

Manm kongrè yo ak envite ki la yo, Ameriken parèy mwen, nou rasanble la jodi a pou repare yon gwo erè. Sa gen plis pase 40 an, tousuit apre bonbadman Pearl Harbor la, 120,000 moun ki gen oriin Japonè k ap viv Etazini te jwenn presyon pou yo kite kay yo e pou y al nan kan anprizònman pwovizwa. Yo te pran desizyon sa a san pwosè, san jij. Li te baze sou ras sèlman, piske 120,000 moun sa yo se te Ameriken Japonè. . . .

Lwa mwen pral siyen an bay yon dedomajman lajan pou chak gressnan 60,000 sou 120,000 Ameriken Japonè ki chape yo te deplase osa mete nan prizon. Menmsi pa gen okenn dedomajman ki ka ranplase ane sa yo ki pèdi yo. Donk, sa ki pi enpòtan nan dispozisyon sa gen mwens rapò ak byen pase onè. Piske nou aksepte yon erè; la a nou konfime yon lòt fwa angajman nou antanke yon nasyon pou jistis egal dapre lalwa.

Sous: President Ronald Reagan, Remarks on Signing the Bill Providing Restitution for the Wartime Internment of Japanese-American Civilians, August 10, 1988

- 35 Dapre dokiman sa yo, ki **yon** rezulta efò pou pale sou restriksyon libète sivil Ameriken Japonè yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la te bay? [1]

Score

Dokiman 6

Sa ki annapre a se yon pati nan pawòl ptit fi Fred Korematsu, Karen Korematsu, kòm repons pou desizyon Pi Gwo Tribunal Etazini an pran pou konsève dekrè ki entèdi vwayaj al Etazini sot nan peyi kote pifò moun yo se mizilman.

Lè l ap ekri desizyon an, Jij Anchèf la ki se John G. Roberts Jr. te mansyone rezulta Korematsu 1944 e l te panse li pa bon. Karen Korematsu te kwè opinyon Roberts te anile desizyon *Korematsu v. Etazini* an yon fason ofisyèl.

Nan madi, Pi Gwo Tribunal la te fè kèk bagay byen. Apre prèske 75 an, tribunal la te anile yon fason ofisyèl *Korematsu v. Etazini*. Nan pifò desizyon an, Jij Anchèf la ki se John G. Roberts Jr., site pawòl yon opozan desizyon 1944 la, te ekri tribunal la t ap pwofite “okazyon pou di sa k te deja parèt klè: Korematsu te fè yomn gwo erè jou l te pran desizyon l lan, desizyon tribunal istwa a te rejte' e—pou sa ka klè—‘pa gen okenn plas nan lalwa dapre Konstitisyon an.” . . .

Papa m te pase tout lavi l ap goumen pou jistis epi edike moun konsènan fason anprizònman Ameriken Japonè yo pa montre yo respekte moun, pou nou ka aprann nan erè nou. Menm si nan yon sans li t ap kontan sa l t ap defann nan yo rejte l, li t ap kontraye yo site l pandan y ap konfime diskriminasyon kont lòt moun yo mete apa. Desizyon tribunal la te ranplase yon enjistik pou met yon lòt prèske apre 75 an.

Papa m ta dwe toujou di. “Pran pozisyon pou sa ki dwat.”

Sous: Karen Korematsu, “How the Supreme Court Replaced One Injustice With Another,” *New York Times*, June 27, 2018

- 36 Dapre Karen Korematsu, kisa ki **yon** enpak desizyon Korematsu pou konteste anprizònman Ameriken Japonè yo? [1]
-
-

Score

Pati B

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik (37)

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti *nan omwen kat* (4) dokiman nan kò redaksyon an. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanz ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik: Libète Sivil Pandan Dezyèm Gè Mondyal la—Anprizònman Ameriken Japonè

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken te fè deba sou anpil pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik. Deba sa yo te fè moun yo, gwoup yo, ak gouvènman yo fè demach pou atake pwoblèm sa yo. Efò sa yo te bay sikse nan nivo diferan. Youn nan pwoblèm ki gen rapò ak konstitisyon an ak pwoblèm sivik se *restriksyon nan libète sivil Ameriken Japonè pandan Dezyèm Gè Mondyal la*

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri sikostans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Eksplike *omwen de* efò pou abòde pwoblèm lan
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanz ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION